Seyans 5.5 Itilizasyon dlo

Konsiy

Li bon pou sante w si w bwè ant 5 ak 8 vè dlo chak jou. Konte vè dlo sa yo :



Bonis : Tilou bwè 3 vè dlo maten, 2 vè dlo apre midi, ak 4 vè dlo nan aswè.

Konbyen vè dlo li bwè nan tout jounen an ?

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Si w te manke yon leson, mwen ekri aktivite ki ale ak chak leson pou ou.

CHAPIT 5 SEMÈN SIK DLO

Seyans 5.1 *Gwo tibout dlo*

Lendi

Mande pitit ou tande istwa *Gwo tibout dlo* a. Di l chak fwa li tande mo *evaporasyon*, leve yon (1) men l epi lè li tande *vapè dlo*, leve 2 (de) men l !

Seyans 5.2 Sik dlo

Madi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande pitit ou fè yon desen sou pakou sik dlo a :

- Lapli tonbe se PRESIPITASYON
- Dlo antre nan tè se FILTRASYON
- Dlo seche monte nan lè se EVAPORASYON
- Dlo a refòme nan nyaj yo se KONDANSAYON.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Seyans 5.3 Evaporasyon

Mèkredi

Materyèl : 2 moso rad/ti sèvyèt, dlo

Mande pitit ou fè yon ti eksperyans byen senp sou evaporasyon : Pran 2 moso rad oubyen 2 ti sèvyèt. Mouye yo. Mete youn anndan yon sache plastik. Mete rad yo tann menm kote. Obsève konbyen tan sa ap pran pou chak rad oubyen sèvyèt vin sèch. Ou ka verifye sa pandan tout jounen an, chak 1 èdtan si posib. Eske yo te sèch an menm tan oubyen te gen youn ki te sèch anvan ? Lè yon bagay te mouye epi li vin sèch sa vle di dlo a evapore. Evaporasyon se lè dlo vin tounen gaz epi li gaye nan lè a.

Seyans 5.4 Tanperati ak presipitasyon

Jedi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande pitit ou separe fèy la an twa pòsyon. Nan premye pòsyon an ekri “glase” epi desinen glas. Nan dezyèm pòsyon an ekri ”fre” epi desinen dlo k ap koule. Nan twazyèm pòsyon an ekri “cho” epi desinen yon pakèt ti pwen. Kote ki gen glas la ou pral ekri “Solid”. Nan pati ki gen dlo ki koule a, ou pral ekri “likid.” Nan pòsyon ki gen vapè dlo a, ou pral ekri “Gaz”.

Seyans 5.5 Itilite dlo

Vandredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande pitit ou panse ak bagay toujou nou ka fè ak dlo epi ekri yo nan fèy papye w l la. Ekri nan tèt papye a kòm tit : Sa nou ka fè ak dlo. Epi fè desen kèk aktivite ou fè ak dlo.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.